



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 4 desanm 2012

GOUVÈNÈ CUOMO KONTINYE VIZIT SOU PWOGRÈ KONSÈY DEVLOPMAN EKONOMIK REJYONAL ETA A NAN WESTERN NEW YORK

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te kontinye yon vizit nan eta a sou Pwogrè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (REDC) eta a nan Buffalo and Niagara Falls, kote li te vizite pwojè Western New York yo pou konprann pwogrè yo ak enpak ekonomik yo nan rejyon an.

Sa a se twazyèm vizit nan Vizit Gouvènè a ap fè sou Pwogrè REDC ki se pati yon evalyasyon plan devlopman ekonomik estratejik ane pase a ak pwojè pou kreye anpil djòb. Apre prezantasyon Buffalo Billion ak vizit pwojè rejyonal yo, Western New York REDC te bay yon prezantasyon fòmèl pou montre pwogrè li te fè nan avansman plan ak pwojè estratejik ane pase yo, ak pwojè li te sipòte pou ane k ap vini an pou Ekip Evalyasyon Egzekisyon Estratejik nan Conference and Events Center Niagara Falls.

Jodi a, Gouvènè Cuomo te anonse New York pral investi \$50 milyon dola nan dènye modèl ekipman pou rechèch byomedikal, epi li jwenn yon aranjman nan yon konpayi prive, Albany Molecular Research Inc (AMRI), pou mete nan Western New York at Buffalo Niagara Medical Campus (BMNC) yon sant dekouvèt ak devlopman nouvo medikaman. Envestisman sa a ap jwenn \$200 milyon dola nan envestisman prive epi l ap kreye 250 djòb.

Gouvènè Cuomo di konsa, “New York pa gen yon dimansyon ki adapte avèk tout apwòch pou devlopman ekonomik, epi kounye a nou wè avantaj nouvo fason sa a pou panse nan eta a. Pandan ou kapab wè nan Western New York, konsèy rejyonal la te devlope yon plan ki adapte pi byen avèk rejyon li, epi plan sa a ap kreye anpil djòb, devlope ekonomi an epitou fè transfòmasyon nan katye yo”.

Satish K. Tripathi, ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Western New York ak Prezidan University at Buffalo, di konsa, “Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Western New York nou kreye yon plan ki konsantre sou yon apwòch estrateji, kolaborasyon, kreyatif ak avansman. Nou fyè pou resevwa Gouvènè a nan Western New York jodi a pou aprann plis bagay sou pwogrè nou fè pandan n ap travay ansanm pou avanse priyorite komen yo pou chanjman nan rejyon nou an”.

Howard A. Zemsky, Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Western New York ak Patnè Prensipal nan Larkin Development Group, di konsa, “Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Western

Haitian Creole

New York fyè pou gen Gouvènè Cuomo fè yon sèl avèk nou pou aprann pwogrè nou fè depi deziyasyon kote ki jwenn rekonpans yon pi bon plan. Tout pwojè nou te revize jodi a se pou bay repons pou defi Gouvènè Cuomo pou prezante yon pwosesis fre pou kwasans ekonomik dirab nan Eta New York, epi nou te kontan pou estrateji konsèy nou an pou kreye yon ekonomi ki pi dinamik pou rejyon nou an ak pou tout sitwayen yo”.

Gouvènè a te vizite pwojè WNYREDC sa yo:

Jacobs Institute

Jacobs Institute te resevwa yon sibvansyon \$4 milyon dola pou konstwiksyon yon modèl aparèy medikal ak sant rechèch. Pwojè a ap pèmèt kreyasyon 20 djòb, epi l ap ede jwenn prèske \$12 milyon dola nan investisman sektè prive. Konstwiksyon bilding Jacobs Institute ap prepare pandan òganizasyon non-komèsyal ap kontinye devlope patnè avèk biznis tankou Toshiba.

Hebeler Corporation

Hebeler Corporation te jwenn yon sibvansyon \$1.25 milyon dola nan kredi fiskal Excelsior pou ogmante pwodiksyon tank konbistib gaz natirèl likid li pou kamyon pwa-lou mwayen ak gwo akòz ogmantasyon demann lan sou mache a. Pwojè sa a ap ranfòse sektè manifakti avanse rejyon an, epi l ap kolabore avèk yon pwojè CFA finanse, pwojè Dream It Do It Western New York, pou amelyore devlopman mendèv ak opòtinite fòmasyon yo ofri pou elèv lekòl segondè ak pou etidyan kolèj. Pwojè a ap pèmèt konsèvasyon 129 djòb nan domèn konstwiksyon, 55 nouvo djòb, epi l ap ede jwenn prèske \$3,65 milyon dola nan investisman sektè prive.

Niagara County Community College Culinary Institute

Niagara County Community College (NCCC) te resevwa yon sibvansyon \$2 milyon dola pou modènize prèske 90.000 pye kare ansyen Rainbow Centre pou Culinary Institute. Pwojè a ap pèmèt kreyasyon 30 djòb, epi l ap ede jwenn \$24,6 milyon dola nan investisman sektè prive. Answit, kreyasyon yon nouvo gwoup popilasyon anba-lavil nan Vil Niagara Falls ap bay avantaj pou pwofil touris ak ekonomi rejyon an. NCCC te òganize yon koupe-riban nan mwa septanm nan, epi kounye a l ap fòme etidyan pou travay nan domèn ospitalite ak lwazi k ap vanse. Nan Buffalo Niagara Convention Center bonè nan jou a, WNYREDC te prezante plan li pou angajman san parèy Gouvènè Cuomo pou \$1 milya dola nan Buffalo. Bruce Katz, Vis-Prezidan nan Brookings Institution, ak kamarad li yo pou travay avèk yon gwoup enstitisyon lokal—WNYREDC, University at Buffalo’s Regional Institute, Buffalo Niagara Enterprise, ak Empire State Development, elatriye—pou evalye pozisyon mache rejyon an, pou idantifye resous ak avantaj enpòtan yo, epitou pou prepare yon seri posiblite investisman apre pi bon inovasyon k ap fèt nan Etazini ak ak toupatou nan monn lan. Answit, yo te anboche yon konsiltan prive pou bay pi gwo presizyon sou investisman estratejik k ka gen gwo ranman, pou kreye anpil djòb akoutèm, epitou pou re-ekipe ekonomi Buffalo alontèm.

Haitian Creole

Konsèy la te rekòmande sis pwojè (6) enpòtan kote ka gen investisman, tankou:

- Buffalo Niagara Tourism Program: yon pwogram touris rejyonal pou jwenn resous touris klas mondyal nan Niagara Falls ak nan Vil Buffalo avèk yon estrateji lavant ki pi kowòdone ak sofistike; investisman ak ogmantasyon pwogram nan Niagara State Park; investisman nan lòt resous touris rejyonal ak ekipman; epitou kreyasyon òf rejyonal yo.
- Buffalo Center for Manufacturing Innovation: yon sant dènve modèl pou sipòte kwasans sektè manifakti rejyon an. L ap vin yon antrepriz sèvis komen ki ofri sipòte nan lavant rechèch aplike, devlopman pwosesis operasyonèl ki pi efikas, pou pèmèt antre nan nouvo mache, epitou pou amelyore mendèv ki la deja a.
- Buffalo Science Productivity and Research Catalyzer (SPaRC): pou ede pote inovasyon enpòtan nan mache a. Akseleratè ap sipòte chèchè yo nan devlopman rechèch translasyon, jwenn patant, epi bay lisans pou patant sa yo oswa devlope an biznis.
- Buffalo Skills Partnership: yon koutye ki gen anpil ladrès avèk premye investisman nan Rapid Right Skilling and Say Yes. Patenarya a ap fè sistèm mendèv Buffalo vin pi fleksib, divès ak enteresan nan nasyon an lè li amonize edikasyon ak fòmasyon ki dèyè ladrès patwon yo bezwen pou agrandi ak travayè yo bezwen pou gen siksè nan djòb yo.
- Buffalo Breakthrough Business Challenge: yon konpetisyon plan biznis klas mondyal pou sipòte ekosistèm antrepriz rejyon an. Gayan yo ap resevwa premye finansman, espas enkatè, oryantasyon ak entwodiksyon nan antrepriz kapital risk yo
- Better Buffalo Fund: pou fè investisman sible avèk yon finansman devwe pou sipòte pwojè ekonomik ak pwojè devlopman kominote ki gen gwo enpak. Yon konpetisyon ap detèmine pi bon investisman yo, selon adaptasyon estratejik jeneral, enpak, kapasite ki pwouve pou egzekisyon ak angajman lajan siplemantè.

Enfòmasyon sou Pwojè Konsèy Rejyonal la

Nan premye seri Pwojè Konsèy Rejyonal la, Rejyon Western New York te resevwa sibvansyon pou \$100.3 milyon dola nan resous eta a nan pwosesis Aplikasyon Finansman an Gwoup (CFA) pou sipòte 96 pwojè. Pou kounye a, 96 pousan ap vane. Depi yo fini, pwojè ki jwenn finansman nan rejyon Western New York nan 2011 CFA pral bay anpil sipò pou ekonomi lokal la avèk kreyasyon ak konsèvasyon plis pase 8.000 djòb, epitou y ap jwenn plis pase \$525 milyon dola nan investisman siplemantè sektè prive a.

Gouvènè Adjwen Duffy di konsa, “Gouvènè Cuomo te kreye Konsèy Rejyonal yo pou sèvi kòm nouvo apwòch bezwen eta nou an pou kreye nouvo djòb ak opòtinite ekonomik. Jodi a se yon opòtinite enteresan pou yon diskisyon lib sou kokennchenn pwogrè Konsèy Rejyonal yo ap fè nan Western New York ak toupatou nan eta a, ak etap n ap fè pou pran avantaj nan siksè sa yo pou ane k ap vini an”.

Haitian Creole

Prezidan, Direktè Jeneral ak Manm Komisyon Empire State Development, Kenneth Adams, di konsa, “Pwojè Konsèy Rejyonal Gouvènè Cuomo ap retire New York nan yon eta ki rele destwiktè kwasans biznis pou fè li vin yon fasilite nouvo biznis ak devlopman djòb sektè prive a. Jouk nan premye ane li, nou te wè pwojè ki kreye djòb nan Western New York ak toupatou nan eta a kòmanse pran fòm ak peye dividann nan nouvo pwojè ak aktivite ekonomik pou sipòte ekonomi lokal nou yo”.

Ou kapab jwenn rapò pwogrè Konsèy la ak yon lis konplè pwojè priyorite pou 2012 ki apwouve yo sou Entènèt nan sitwèb <http://regionalcouncils.ny.gov/content/western-new-york>.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou chak Konsèy Rejyonal ak sou plan devlopman ekonomik yo, ale sou Entènèt nan sitwèb www.regionalcouncils.ny.gov.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418